



Teknik pou enstale Ekstansyon pou tradui paj wèb nan Google Chrome

Avantou: Verifye byen se **Google Chrome** w'ap itilize pou w' navige sou entènèt.

1. Klike la pou jwenn opsyon [Google Translate Chrome Extension](#).




2. Klike bouton ble ki ekri “Add to Chrome” nan.
3. Apresa, lè bwat sa nou wè nan imaj anba-a parèt, klike sou bouton “Add Extension”.



4. Yon lòt bwat va parèt pou fè nou konnen ekstansyon-an ajoute nan sistèm nan.

Kijan pou nou itilize “Google Chrome Extension”

1. Pou nou tradui yon paj wèb okonplè, klike sou ti desen sa a . li anwo nan kwen dwat navigatè entènèt la. Anlè tèt li, adwat, Klike sou “Translate and specify the language”.
2. Epi Google Chrome va tradui tout paj la on sèl kou.

*Li pa fonksyone? Eseye rafrechir paj wèb la oswa re-antre sou li. Si li pa fonksyone malgre sa, fè on klik-dwat nenpòt kote sou paj la. Epi, klike sou “**Translate to [Language]**”.*